# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–25 मार्च 2025 भोजपुरी समाचार

योगी सरकार के आठ बरिस पूरा भइले पर प्रदेस के सज्जो जिलन में आजु से तीनि दिन क विकास उत्सव क आयोजन कइल जा रहल हवे। सज्जो जिलन में सरकार क मंत्री उत्सव कार्यक्रमन में हिस्सा ले रहल हवें अउर योगी सरकार के आठ बरिस क उपलब्धि गिनवा रहल हवे। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर के महंत दिग्विजयनाथ पार्क में विकास उत्सव क सुभारंभ कइलें। ऐह मौका पर उहां के कहलीं कि डबल इंजन के सरकार के कोसिस से ई राज्य नया भारत क नया उत्तर प्रदेस के रूप में आपन चमक बिखेर रहल हवे। मुख्यमंत्री कहलें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सबका साथ सबका विकास क जवन मंत्र दिहले रहले, ओही संकल्प के साथे कार कइले क नतीजा हौ कि उत्तर प्रदेस में आठ बरिस में ऊचाई क आठ सालि देखे के मिलल हवे।

*प्रधानमंत्री ने जो मंत्र दिया था सबका साथ सबके विकास का उसे जीवन का व्रत मानकर के संकल्प मानकर के हम लोगों ने कार्य किया तो उत्कर्ष के 8 वर्ष उत्तर प्रदेश को देखने को मिले हैं, जिसमें हर एक क्षेत्र में इन 8 वर्षों में जितनी मजबूती के साथ आगे बढ़ा है अगर उसकी तुलना पिछले 70 वर्षों में किया जाए यह 8 वर्ष उस पर भारी पड़ते हुए दिखाई देंगे।*

मुख्यमंत्री कहलें कि उत्तर प्रदेस के  बारे में मान्यता बनि गइल रहल कि ईहा कुछु नाही हो सकेला बलुक आजु लोगि माने लागल हवे कि ई प्रदेस लीड करी त देस लीड करे लागी।

*जिस उत्तर प्रदेश के बारे में यह मान्यता थी कि यहां कुछ नहीं हो सकता है आज लोग मानते हैं कि उत्तर प्रदेश लीड करेगा तो सारे देश राज्य लीड करने लग जाएगा और आज अपनी युवा शक्ति के बल पर, मातृशक्ति के आशीर्वाद से, अन्नदाता किसानों के सहयोग से, आज उत्तर प्रदेश विरासत और विकास की इस यात्रा को निरंतर आगे बढ़ाने के लिए प्रतिबद्ध है।*

लखनऊ में उप मुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक, बनारस में उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य, जौनपुर में ऊर्जा मंत्री एके शर्मा, मिर्जापुर में नन्द गोपाल गुप्ता नंदी, सुल्तानपुर में पंचायतीराज मंत्री ओम प्रकाश राजभर, कुशीनगर में उद्यान राज्यमंत्री दिनेश प्रताप सिंह, मऊ में खेल अउर युवा कल्याण मंत्री गिरीश चन्द्र यादव, विकास उत्सव के सुभारंभ कार्यक्रम में हिस्सा लिहलें।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहले हवें कि भारत तपेदिक–टीबी के खिलाफ अभियान में उल्लेखनीय प्रगति कइले हवे। हलिये में पूरा भइल सौ दिवसीय टीबी मुक्त भारत अभियान से मिलल खास जनकरियान पर केन्द्रीय स्वास्थ्य मंत्री जेपी नड्डा क एगो लेख के सांझा करत प्रधानमंत्री कहलें कि ई अभियान टीबी मुक्त भारत बदे एगो मजबूत नेई धइले हवे। काल्हि विस्व तपेदिक दिवस पर लेख में श्री नड्डा कहलें कि भारत टीबी के खतम कइले के नजरिया के पुनरपरिभासित कई रहलि हवे।

**********

दिल्ली हाईकोर्ट क न्यायाधीस यशवंत वर्मा के इलाहाबाद हाईकोर्ट स्थानान्तरित कइले के विरोध में इलाहाबाद हाईकोर्ट बार एसोसिएसन अनिस्चित कालीन हड़ताल सुरू कइ दिहले हवे। हाईकोर्ट क अधिवक्ता आजु न्यायिक कार से विरत रहले। एसोसिएसन क अध्यक्ष अनिल तिवारी कहलें कि ओनकर हड़ताल कउनो न्यायाधीस के खिलाफ नइखे, बलुक सिस्टम के खिलाफ हौ। अध्यक्ष प्रकरण क जांच सीबीआई और ईडी से करउले क मांगि कइलें।

ओहर राज्यसभा क सभापति जगदीप धनखड़ आजु संझा सदन के नेता लोगिन क बइठकी बोलवले हवे। बइठकी में दिल्ली उच्च न्यायालय के न्यायाधीस यशवंत वर्मा के घर से नकदी बरामद भइले के मुद्दा पर चर्चा कइल जाइ। सभापति ऐके गम्भीराहें मुद्दा बतावत कहलें कि ई संसद क संप्रभुता, सर्वोच्चता अउर प्रासंगिकता से जुड़ल मामिला हवे।

**********

केन्द्रीय माध्यमिक शिक्षा बोर्ड–सीबीएसई क गवर्निंग बॉडी बरहवीं कक्षा के अकाउटेंसी परीक्षा में बेसिक कैलकुलेटर के उपयोग क मंजूरी दे दिहले हवे। ई फैसिला दुइ हजार पचीस–छब्बीस सैक्षणिक सत्र से लागू होई। परीक्षा समीति के प्रस्ताव के हिसाबि से बेसिक नॉन–प्रोग्रामेबल कैलकुलेटर क मंजूरी होई।

ओहर प्रदेस क प्राथमिक आ उच्च प्राथमिक परिषदीय स्कूलन में सलाना परीक्षा काल्हि से सुरू हो गइल। ऐह परीक्षा में प्रदेस क एक लाख तैंतीस हजार विद्यार्थी हिस्सा ले रहल हवे। परीक्षा क आयोजन अट्ठाइस मार्च ले चली।

**********

बनारस के रेल इंजन कारखाना के गोल्फ कोर्स में आजु अखिल भारतीय रेलवे गोल्फ चैम्पियनसिप क सुभारंभ भइल। रेलवे खेल संवर्धन बोर्ड के तत्वावधान में आयोजित ऐह प्रतियोगिता क उद्घाटन महाप्रबंधक नरेश पाल सिंह कइलें। ऐह चैम्पियनसिप में भारतीय रेलवे क एक्कइस जोन अउर उत्पादन इकाईयन क छांछठ खेलाड़ी हिस्सा ले रहल हवे।

**********